



Rebuild Florida Pwogram Reyachte Kay Volontè a

direktiv pwogram lan

Dokiman sa bay direktiv pou kondisyon yo pou Acha Volontè Kay Siklòn Irma ki administre pa Depatman Komès Eta Florida a (FloridaCommerce). Pwogram sa a finanse pa Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini (HUD) Developman Blòk Kominotè - Sibvansyon Rekiperasyon Dezas (CDBG-DR) jan sa dekri nan Lwa Piblik yo.

Vèsyon 2.1

4 desanm 2023

ISTWA VÈSYON

Nimewo vèsyon	Dat Chanjman	Rezime Chanjman
1.0	2/28/20219	Dokiman Orijinal la
1.2	6/17/2021	Seksyon Mizajou Anti Fwòd Gaspiyaj ak Abi.
1.3	8/23/2021	<p>Chanje fòma a pou reflete lòt direktiv OLTR yo.</p> <p>Te ajoute Tablo Istorik Vèsyon</p> <p>Te ajoute Vèsyon Politik</p> <p>Te ajoute Kontwòl Chanjman Politik</p> <p>Deplase Definisyon anvan Entwodiksyon</p>
1.4	12/17/2021	<p>Te ajoute 12.1 Règleman Lwa sou Reyenstalasyon Inifòm</p> <p>Te ajoute Anèks 1 Enfòmasyon sou Lwa sou Reyenstalasyon Inifòm(URA).</p>
1.5	12/21/2021	<p>Yo retire definisyon Valè mache ekitab anvan evènman an</p> <p>Mizajou mansyone Valè mache ekitab anvan evènman ak apre evènman an</p> <p>Retire langaj ki gen rapò ak FMV anvan evènman an</p>
2.0	4/6/2023	<p>Te ajoute Benefis Zòn Modere ki Fèb ak Èd Lojman Modere ki Fèb nan Definisyon yo.</p> <p>Te ajoute langaj klarifye nan 2.3 Objektif Nasyonal yo ki gen ladan yon referans a Kritè Objektif Nasyonal ki endike nan FR Vol. 83, No. 28.</p> <p>Te ajoute yon langaj klarifye sou kritè Objektif Nasyonal LMI Èd pou Lojman ki Fèb Modere (LMHI) ak Benefis Zòn ki Fèb Modere (LMA) a 2.4 Fason pou satisfè Objektif Nasyonal la. Yo retire langaj konsènan objektif nasyonal ki pa elijib pou anpeche konfizyon. Te ajoute langaj sou egzijans pou satisfè kritè LMA yo lè w ap achte dezyèm kay yo.</p> <p>Te ajoute seksyon 4.1 Rezidans Prensipal ak 4.2 Asistans pou Dezyèm Kay yo yo.</p> <p>Mizajou 5.2 Depans Inelijib (Ki Pa Admisib) ak langaj ki klarifye kalifikasyon pou achte dezyèm kay yo.</p>
2.1	12/4/2023	<p>Apati 1ye jiyè 2023, epi dapre Florida HB 5, ch. 2023-173, L.O.F. ansyen Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la te chanje non Depatman Komès Laflorid, yo rele "FloridaCommerce".</p> <p>Pou reflete chanjman sa a, tout referans sou ansyen Depatman Opòtinite Ekonomik Laflorid (ki gen ladan "Depatman" ak "DEO") yo te mete ajou pou reprezante FloridaCommerce. Mak ki asosye (ki gen ladan logo, polis, ak koulè) te mete ajou nan tout dokiman an.</p>

VÈSYON POLITIK

Yo swiv Istwa vèsyon yo nan tablo Istwa Vèsyon (paj i), ak nòt konsènan chanjman vèsyon yo. Dat chak piblikasyon yo anrejitre tou nan tablo sa a.

Chanjman enpòtan nan dokiman sa a ki reflete yon chanjman politik sa pral lakòz emisyon yon nouvo vèsyon dokiman an. Pa egzanp, yon chanjman politik solid apre emisyon Vèsyon 1.0 an ta rezulta nan emisyon Vèsyon 2.0 an, yon ogmantasyon nan nimewo vèsyon prensipal la. Chanjman minè yo tankou redakson ak koreksyon minè oswa klarifikasyon nan politik ki deja egziste ki pa afekte entèpretasyon oswa aplikabilite politik la pral enkli nan dènye vèsyon minè deziye pa yon ogmantasyon nimewo sekansyèl dèyè nimewo vèsyon prensipal la(sètadi, Vèsyon 2.1, Vèsyon 2.2, elatriye).

KONTWÒL CHANJMAN POLITIK

Yo konsidere revizyon politik ak chanjman pou Biwo Rezilyans Alontèm nan Eta Florida atravè yon pwosesis kontwòl chanjman. Règleman klarifikasyon, ajoute, oswa sipresyon yo nesesè pandan dewoulman pwogram pou plis jisteman defini règleman yo pa ki Pwogram lan pral opere. Anplwaye Pwogram lan pral dokimante demann chanjman politik ki pral anrejistre nan dosye pwogram yo. Yap konpile epi pote demann yo devan sipèvize anplwaye yo nan yon reyinyon politik. Ekspè sijè k ap travay nan yon sektè politik patikilye oswa depatman travay ki pral afekte pa desizyon politik la ka envite pou ede nan evalyasyon politik la, si sa nesesè. Reyinyon politik yo ap fèt osi souvan sa nesesè pou konsidere desizyon politik enpòtan pou avanse Pwogram nan pi devan nan yon mannyè apwopriye. Desizyon politik yo pral dokimante epi yo pral abouti nan revizyon dokiman an kesyon an.

Tab Dèmatyè

1.0 Definisyon yo	1
2.0 Entwodiksyon.....	2
2.1 Kont fwod, gaspiyaj, oswa abi	2
2.2 Aplikasyon ak Administrasyon Pwosesis pou Reyachte Pwopriyete a	3
2.3 Objektif Nasyonal yo	3
2.3.1 Fason pou satisfè Objektif Nasyonal la	3
2.4 Lokalite (kote yo ye)	4
2.5 Fason pou Priyorize Pwojè yo	4
3.0 Evalyasyon Pri Pwopriyete a Koute	6
3.1 Estimasyon yo.....	6
3.2 Tit Pwopriyete ak Sèvis Legal yo.....	6
3.3 Revizyon anviwònmantal yo	7
4.0 Tip Pwopriyete ki Elijib yo ak Egzijans yo.....	8
4.1 Rezidans Prensipal	8
4.2 Asistans pou Dezyèm Kay yo	8
5.0 Elijiblite Pwojè a	9
5.1 Depans (Admisib) Elijib	9
5.2 Depans Inelijib (Ki Pa Admisib)	10
6.0 Detèminasyon Prim lan.....	11
7.0 Metodoloji Kalkil Prim lan.....	12
8.0 Pwosesis Avantaj Doub la.....	13
9.0 Detèminasyon Asistans pou Ranplasman Lojman an	14
9.1 Règleman Lwa sou Reyenstalasyon Inifòm	14
10.0 Restriksyon ki gen sou Espas Lib yo.....	15
Anèks 1: Enfòmasyon Lwa sou Reyinstalasyon Inifòm (URA).....	16

1.0 Definisyon yo

CDBG-DR: vle di Sibvansyon Global pou Developman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf.

Plèn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan): vle di zòn jewografik FEMA defini kòmyon zòn ki gen yon poustan chans pou yon evènman inondasyon inonde l pandan nenpòt ane.

Plèn Inondab nan ka Inondasyon 500 zan: vle di zòn jewografik FEMA defini kòm yon zòn kigen 0,2 poustan chans pou yon evènman inondasyon inonde l pandan nenpòt ane.

Avantaj Doub yo (DOB): vle di nenpòt asistans yo te bay yon pwopriyetè kay pou menmobjektif (sa vle di reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon) ak nenpòt lòt asistansfinansyè oswa nenpòt menm asistans an nati yo te bay pwopriyetè kay sa avan poureparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon kay li a. Yo entèdi pwogram Rekonstwi Floridla kreye yon DOB. Entèdiksyon sa a soti nan Lwa sou Asistans Katastwòf ak Sekou IjansRobert T. Stafford la (Lwa Stafford la) epi nan konsa, yo dwe dedui lòt sous finansman sa yonan nenpòt prim potansyèl yo gendwa resevwa.

Pri jis sou mache a apre evènman (FMV): vle di pri tèren ak abitasyon pou pasèl yo koute, janchak sou-benefisyè detèmine, apre katastwòf la.

Resi elijib yo: vle di prèv peman pou atik ki estrikteman la pou rekonstriksyon estriktikatastwòf la te afekte a. Resi yo dwe gen karakteristik pèmanan sèlman tankou pano anbwa, plak plat, penti, kapèt, elatriye.

Resi inelijib yo: vle di resi pou reparasyon ke yo te fè nan biling detache yo tankou garajoswa remiz yo, ak atik pèsonèl tankou manje ak rad, gaz, zouti, ak ekipman.

Pwopriyete Elijib: vle di yon pwopriyete ki sitiye anndan zòn yo deziyen an oswa ki sitiyeandeyò zòn yo deziyen an epi li te sibi anpil domaje epi ki poze yon risk pou sante ak sekirite.

Zòn yo Deziyen: vle di tèren sou-benefisyè a detèmine ki elijib pou Pwogram ReyachteKay Volontè a.

Revni Fèb ak Modere (LMI): vle di yon revni ki mwens pase 80% revni medyan rejyon lokal la.

Benefis Zòn Modere ki Fèb (LMA): Kritè Objektif Nasional LMI ke yo ka atenn sou baz yon zòn, atravè yon aktivite ki disponib pou benefisyè tout rezidan yo nan yon zòn kote omwen 51 poustan nan rezidan yo gen revni ki ba ak modere. Itilizasyon final pwojè a dwe prensipalman benefisyè popilasyon LMI nan zòn pwojè a.

Ankourajman Lojman Modere ki Fèb (LMHI) – Ankourajman pou lojman ki asosye ak yon acha volontè oswa lòt akizisyon volontè nan kay ki posede pa Fanmi ki gen Revni Ba-a-Modere ki elijib epi yo bay nan objektif pou deplase Fanmi ki kalifye a andeyò plèn inondasyon ki afekte a oswa nan yon zòn risk-ba , oswa amelyore estrikti rezidansyèl ki pral okipe pa yon Fanmi LMI.

Fwaye Revni Fèb ak Modere (LMH): vle di yon fwaye ki gen yon revni ki mwens pase 80%revni medyan rejyon lokal la (AMI).

Zòn ki gen risk inondasyon espesyal (SFHA): vle di zòn kote yo dwe fè respekte règlemanjesyon plèn inondab Pwogram Asirans Inondasyon Nasional la yo (NFIP's) ak zòn koteobligasyon pou achte asirans inondasyon an aplike.

Sou-benefisyè: vle di yon vil oswa yon konte ki te aplike pou epi Depatman Komès Florid la (FloridaCommerce) te akòde yon pwojè pou reyachte pwopriyete nan kad pwogram CDBG-DR a.

2.0 Entwodiksyon

Biwo Rezilyans alontèm (OLTR) Depatman Komès Florid la (FloridaCommerce) se administratè yon pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf (CDBG-DR) ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD ap finanse daprè Lwa Biblik 115-56 ak 115-123 yo.

FloridaCommerce se ajans ki responsab pou administrasyon fon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo atribiye pou aktivite lojman, devlopman ekonomik, ak enfrastrikti yo. FloridaCommerce ap administre Pwogram Reyachte Kay Volontè a nan kad Pwogram Rekonstwi Florid la. Objektif Pwogram Reyachte Kay Volontè CDBG-DR nan kad pwogram Rekonstwi Florid la se pou achte pwopriyete ki nan yon Zòn Ki Gen Risk Inondasyon Espesyal (SFHA), epi ki nan zòn ki gen anpil risk inondasyon yo pou ede redui enpak katastwòf yo alavni, ak pou ede mèt pwopriyete yo demenaje kite zòn ki anba menas inondasyon yo. Pou administre pwogram lan, gouvènman vil ak konte ki anndan zòn ki Pi Afekte ak Pi an Detrès yo (MID), jan HUD ak FloridaCommerce te idantifye yo nan *Plan Daksyon pou Rekiperasyon Aprè Katastwòf Eta Florid la an 2018 la*, ka aplike.

Gen de opsyon pou vil yo ak konte yo aplike pou asistans nan Pwogram Reyachte Kay Volontè a nan kad Pwogram Rekonstwi Florid la. Premye opsyon an se pou yo itilize finansman CDBG-DR ki gen disponib lan kòm avantaj pou koresponn a finansman pou pwojè yo ki elijib tou pou Pwogram Sibvansyon pou Atenyasyon Danje a (HMGP). Dezyèm opsyon an se pou yo travay ak vil yo ak konte yo dirèkteman nan zòn ki gen revni fèb ak modere yo pou yo achte pasèl pwopriyete ki kole ansanm yo, ak pou yo achte pwopriyete nan men fwaye ki gen revni fèb ak modere yo (LMH) kote y ap konsantre sou LMH ki pa te gen asirans inondasyon nan moman Ouragan Irma te frape a.

Vil yo oswa konte k ap patisipe nan pwogram sa yo dwe achte pwopriyete yo nan pri jis tèren an ak estrikti a te koute sou mache a (FMV) apre evènman an pou tout vandè ki te mèt pwopriyete a nan moman Ouragan Irma te frape a. Pou tout vandè ki posede pwopriyete apre Ouragan Irma yo, yo dwe itilize FMV apre evènman pou yo achte pwopriyete a epi yo pa gendwa pi wo pase FMV apre evènman an epi pwopriyete ki sitiye nan zòn yo deziyen yo dwe gen restriksyon ki gen sou tit pwopriyete a pou yo ka rete espas ekolojik pou toutan. Anplis de FMV pwopriyete a te koute apre evènman an, pwopriyetè ki gen revni kalifye yo ka resevwa yon ensitasyon jiska \$25,000 nan asistans pou ranplasman lojman, epi pwopriyetè ki gen revni ki pa kalifye yo ka resevwa yon alokasyon \$10,000 pou ranplasman lojman an. Tout prim yo sijè a Lwa Robert T. Stafford la, ki egzije pou yo dedui tout fon yo itilize pou zafè ki konsène rekiperasyon aprè katastwòf yo kòm yon avantaj doub, ke yo pral diskite an plis detay pi ba la.

2.1 Kont fwod, gaspiyaj, oswa abi

Elektè, anplwaye ak kontraktè Rebuild Florida yo, ka fwod sispek yo rapòte, gaspiyaj, oswa abi lè yo kontakte anplwaye Sèvis Jesyon Konstitiyan yo, soumèt enfòmasyon yo sou fòm Rapò sou fwod, gaspiyaj oswa abi sou entènèt la. (<http://floridajobs.org/rebuildflorida/report>; tout mayen kontak enfòmasyon yo opsyonèl pou pèmèt anonimite) oswa voye yon imèl bay cdbg-dr_antifraudwasteabuse@Commerce.fl.gov.

Tout ka fwod yo sispek yo pral pran oserye, ak plent yo pral rapòte bay Manadjè Konfòmite ak Rapò OLTR a ak Enspektè Jeneral Biwo FloridaCommerce a nan OIG@Commerce.fl.gov. Si OIG FloridaCommerce a detèmine ke li apwopriye, li pral kowòdone ankèt li ak ajans tankou Biwo Enspektè Jeneral Florida, Biwo Pwokirè Jeneral Florida, oswa Depatman Biznis ak Règilasyon Pwofesyonèl nan Florida.

Yo pral voye tout ka pwouve nan fwod, gaspiyaj, oswa abi nan fon gouvènman bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD), Biwo Enspektè Jeneral (OIG) Liy Dirèk Fwòd (telefòn: 1-800-347-3735 oswa imèl: hotline@hudoig.gov) ak Reprezantan HUD pou Planifikasyon ak Devlopman Kominotè (CPD) FloridaCommerce a. OLTR dwe bay yon repons alè nan lespas 15 jou ouvrab apre li resevwa yon plent, jan sa endike nan 84 FR 169.

Biwo pou rezistans alontèm la konplè Règleman Anti-Fwòd, Gaspiyaj, ak Abi ka jwenn isit la.

2.2 Aplikasyon ak Administrasyon Pwosesis pou Reyachte Pwopriyete a

Yon vil oswa yon konte dwe aplike pou Pwogram Reyachte Kay Volontè nan kad pwogram CDBG-DR la ke yo ofri nan kominate yo a. Nan moman aplikasyon an, sou-benefisyè a ap idantifye pwopriyete ki ta kalifye pou pwogram lan yo. Yo pral detèmine yon bidjè ki baze sou FMV apre evènman an pou tout pwopriyete yo idantifye ki elejib pou pwogram lan yo ke vandè a te posede nan moman katastwòf la te frape a; toufwa, yo pral detèmine bidjè pou tout pwopriyete yo idantifye kòm elijib pou pwogram lan yo ke yo te achte apre evènman an sou baz pri dacha a, ki pa dwe pi plis pase FMV avan evènman an. Si yo akòde prim lan, vil la oswa konte a pral antre an kontak ak FloridaCommerce pou yo administre ak sipèvize jiridiksyon kote pwogram lan aplike a.

Mèt pwopriyete yo ki aplike pou pwogram pou reyachte kay volontè a ap soumèt aplikasyon yo dirèkteman bay sou-benefisyè a. Yon fwa nivo gouvenman lokal la apwouve aplikasyon yon mèt pwopriyete endividylè pou asistans pou yo reyachte pwopriyete a, sou-benefisyè a dwe soumèt aplikasyon an bay FloridaCommerce pou yo verifye ke pwopriyete a pap resevwa oswa yo pa te resevwa asistans pou reparasyon ak ranplasman lojman nan kad pwogram Rekonstwi Florid la. Yon mèt pwopriyete pa ka elijib pou asistans pou reyachte pwopriyete a si mèt pwopriyete a te resevwa finansman CDBG-DR pou repare pwopriyete a. Yon sou- benefisyè ka fè kontra soutretans ak yon administratè tyès pati pou yo administre pwogram lan pou yo.

2.3 Objektif Nasional yo

Tout pwojè Pwogram Acha Kay Volontè yo dwe satisfè swa Objektif Nasional pou Revni Ba-Modere-Revni (LMI) (atravè kritè objektif nasional Benefis nan Zòn Modere ki Ba (LMA), ak kritè objektif nasional pou Ankourajman pou Lojman Revni ki ba-a modere (LMHI)) oswa Objektif Nasional Bezwen Ijan.

Pou atenn Objektif Nasional LMI atravè Benefis LMA, pou chak FR Vol. 83, No. 28, VI.a(7)(b), yo pral itilize pwopriyete yo achte atravè pwogram reyachte a nan yon fason k ap nan avantaj tout rezidan nan yon zòn kote omwen 51 pouzan nan rezidan yo se moun ki gen revni fèb ak modere. Pou satisfè kritè Objektif Nasional LMI atravè kritè LMHI yo, fwaye yo ede yo dwe LMI epi yo dwe ap viv nan lojman ranplasan an. Viv nan lojman ranplasan an vle di ke y ap bay fon CDBG-DR yo pou yon aktivite elijib k ap nan avantaj LMH la lè yo sipòte demenajman yo soti kite zòn ki gen anpil risk yo. Sou-benefisyè yo ta dwe sonje ke dezyèm kay akeri atravè VHB a dwe satisfè kritè objektif nasional LMA yo pou yo satisfè Objektif Nasional LMI epi yo dwe konsidere yo kalifye pou VHB.

Pou itilize Objektif Nasional Bezwen Ijan an, sous-benefisyè a dwe bay jistifikasyon sou ijans bezwen an, jan sa endike nan seksyon 2.3.1 pi ba a.

2.3.1 Fason pou satisfè Objektif Nasional la

Objektif Nasional pwogram VHB a se benefis LMI ak Bezwen Ijan.

Objektif Nasional LMI

Lè y ap antreprann aktivite achte lè I sèvi avèk Objektif Nasional LMI, sub-benefisyè yo dwe demonstre ke aktivite yo estriktire pou satisfè youn nan kritè objektif nasional sa yo. Pwogram acha yo ka estriktire pwosesis reyachte a nan youn nan fason ki annapre yo:

- Ankourajman Lojman LMI (LMHI) – Ankourajman Lojman ki elijib VHB yo se ankourajman ki asosye ak yon racha volontè nan yon kay ki posede pa fanmi LMI ki elijib yo bay nan bi pou yo deplase kay ki elijib la deyò plèn inondasyon ki afekte a oswa nan yon zòn ki pi ba risk, oswa amelyore estrikti rezidansyèl yo ke kay LMI pral okipe yo. Pou satisfè kritè LMHI, sou-benefisyè a dwe melanje acha pwopriyete yo ak yon lòt avantaj dirèk, tankou pwogram asistans ak

alokasyon pou ranplasman lojman ke pwogram Rekonstwi Florid la te tabli kòm yon ensitasyon pou pwomouvwa Pwogram Reyachte Kay Volontè a, oswa

- Benefis Zòn LMI (LMA) – Sou-benefisyè a dwe satisfè kritè avantaj zòn ki gen revni fèb ak modere a, a kondisyon ke sou- benefisyè a ka dokimante ke yo pral itilize pwopriyete yo achte atravè pwogram reyachte a nan yon fason k ap nan avantaj tout rezidan nan yon zòn kote omwen 51 pousan nan rezidan yo se moun ki gen revni fèb ak modere. Lè y ap itilize apwòch sa a, sou-benefisyè a dwe defini zòn sèvis la baze sou fason yo konte itilize pwopriyete yo reyachte a lè pwosesis la fini.

Sou-benefisyè yo dwe note nan dosye pwojè a ki kritè objektif nasyonal ke yo ap itilize pou satisfè Objektif Nasyonal LMI a.

Dezyèm kay yo akeri atravè VHB a, an akò ak egzijans ki endike nan 4.2, dwe satisfè kritè LMA yo pou yo ka satisfè Objektif Nasyonal LMI a epi yo dwe konsidere kòm elijib pou VHB.

Objektif Nasyonal Bezwen Ijan

Objektif Nasyonal Bezwen Ijan an ka itilize pou adrese yon bezwen ki gen yon ijans patikilye. Lè y ap antreprann aktivite achte lè l sèvi avèk Objektif Nasyonal Bezwen Ijan an, sous-benefisyè yo dwe bay FloridaCommerce jistifikasyon sou ijans bezwen pwojè VHB a adrese. Egzanp sitiyasyon ki ka rezon jistifye pou aktivite VHB yo ka gen ladan, men se pa sa sèlman, ke pwojè/pwopriyetè kay la te limite a pa gen aksè a sèvis ijans nan yon evènman inondasyon, oswa ke sit pwojè a te fè eksperyans pèt oswa domaj enpòtan akòz nan inondasyon.

Jistifikasyon pou itilize Objektif Nasyonal Bezwen Ijan an dwe:

- Bay FloridaCommerce sou papye antèt ofisyèl minisipalite a.
- Mete foto inondasyon ak domaj ki asosye ak tanpèt la epi ki sipòte reklamasyon ijans lan.
- Soti nan men manadjè plenn inondasyon vil la ak/oswa manadjè sèvis ijans, si sa posib.

2.4 Lokalite (kote yo ye)

Konte sa yo ki te resevwa yon deklarasyon Asistans Endividyl pou Katastwòf (IA) ansanm ak Asistans pou Katastwòf Piblik (PA) nan men FEMA apre Ouragan Irma a yo ap elijib pou yo aplike nan FloridaCommerce pou yo ka vin yon sou-benefisyè finansman epi administre yon Pwogram Reyachte Kay Volontè onivo lokal.

2.5 Fason pou Priyorize Pwojè yo

Tout gouvènman lokal ki aplike yo pral priyorize tout kay y ap reyachte yo lè yo mete aksan sou acha pwopriyete ki konsantre nan zòn rezidansyèl ki satisfè definisyon zòn ki gen revni fèb ak modere a yo. FloridaCommerce pral evalye tout aplikasyon sou-benefisyè yo atravè yon pwosesis k ap itilize yon metòd notasyon ki baze sou moun ki gen revni fèb ak modere yo; fwaye ki gen moun andikape k ap viv ladan yo, ak moun ki gen laj 62 zan oswa plis yo; zòn avantaj sible yo; bezwen ki genyen ak jistifikasyon pou aktivite a; rezonablite ak efikasite pri a; jistics anviwònmantal; ak finisman aplikasyon an.

Chak sou-benefisyè ka resevwa yon nòt 55 pwen omaksimòm pou chak fwaye plis 15 pwen bonis adisyonèl paske yo te soumèt aplikasyon an bonè, ak pou finisman aplikasyon an. Metòd notasyon an pral jan yo dekri annapre a:

1. Avantaj pou Fwaye LMI yo–20 pwen omaksimòm lè yo ajoute tout nòt yo:
 - A. Fwaye LMI: 5 pwen
 - B. Fwaye LMI ki gen nenpòt moun ki gen 62 zan oswa plis k ap viv ladan: 5 pwen.
 - C. Fwaye LMI ki gen nenpòt moun ki gen mwenske 18 tan k ap viv ladan: 5 pwen.
 - D. Fwaye LMI ki gen nenpòt moun ki andikape, envalid, oswa ki gen bezwen espesyal: 5 pwen

2. Fwaye ki gen revni fèb ak modere ki pa te gen asirans inondasyon nan moman katastwòf la te frape a: 10 pwen.
3. Kontribisyon korespondan yo–25 pwen omaksimòm lè yo ajoute tout nòt yo:
 - A. Efò pou rantabilize finansman avèk HMGP: Y ap akòde 10 pwen omaksimòm baze sou efò aplikan fè pou l sekirize finansman nan men HMGP nan kad pwogram korespondan yo te ofri kòm premye opsyon nan Pwogram Reyachte Kay Volontè a.
 - B. Korespondan (finansman ekivalan): Y ap akòde 15 pwen omaksimòm baze sou pwopòsyon kantite fon korespondan elijib yo pa rapò ak kantite fon CDBG yo mande a: 1.1 oswa plis, 15 pwe; 0.75–1, 10 pwen; 0.50–1.7 pwen; 0.25–1, 5 pwen; ak mwenske 0.25, 0 pwen.
4. Aplikasyon yo soumet 10 jou avan delè limit lan: 10 pwen-aplikasyon an dwe konplè nèt. *Yon aplikasyon ki enkonplè pap resevwa 10 pwen sa yo.*
5. Aplikasyon ki konplè: 5 pwen omaksimòm-aplikasyon yo pral resevwa jiska 5 pwen bonis baze sou si aplikasyon an konplè. ***Yo pap konsidere aplikasyon ke yo pa siyen yo.***

3.0 Evalyasyon Pri Pwopriyete a Koute

Sou-benefisyè a pral tabli pri chak pwopriyete yo idantifye pou reyachte koute baze sou FMV avan evènman an, mwens nenpòt DOB pou aplikan ki te posede pwopriyete a nan moman katastwòf la te frape a. Y ap limite pwopriyetè ki te achte pwopriyete yo a apre dat katastwòf la te frape a nan pri pwopriyetè a te peye pou pwopriyete a, ki pa dwe plis pase FMV apre evènman an. Gouvènman lokal yo ap responsab pou yo anboche ekip kontra ki lisansye nan Eta Florid pou yo bay sèvis ki annapre yo:

- Estimasyon yo;
- Tit pwopriyete ak sèvis legal yo;
- Revizyon anviwònmantal yo;
- Demolisyon Pwopriyete a; ak
- Lòt aspè ki gen rapò ak pwosesis reyachte yo.

3.1 Estimasyon yo

Evalyasyon yo pral fèt ak FMV aktyèl la. Yo dwe itilize metodoloji estimasyon an nan pwogram sa a, epi yon ekspè evalyasyon dwe fè estimasyon yo konfòmeman ak *Nòm Inifòm pou Pratik Estimasyon Pwofesyonèl* yo. Ekspè evalyasyon an dwe konfòm a lwa ak egzijans Eta apwopriye yo epi li dwe gen sètifikasyon, kalifikasyon, ak konpetans apwopriye yo baze sou tip pwopriyete I ap evalye a. Lè y ap detèmine pri plizyè estrikti koute, sou-benefisyè a ka chwazi pou I fè estimasyon yo pou tabli yon echantiyon statistik sou pri pwopriyete yo koute, epi devlope yon faktè koreksyon pou aplike sou valè fiskal estime yo pou yo ka reflete valè chak pwopriyete koute sou mache a nan fason rezonab. FloridaCommerce pral siveye pratik estimasyon chak sou-benefisyè yo.

3.2 Tit Pwopriyete ak Sèvis Legal yo

Sou-benefisyè a dwe fè yon rechèch sou tit pwopriyete pou chak pwopriyete li konte achte. Bi rechèch sou tit pwopriyete a se pou asire ke pwopriyetè a se sèl mèt li epi li se tenan aktyèl tit pwopriyete a, pouidantifye lòt moun ki gen enterè nan pwopriyete a yo, epi pou asire ke tit pwopriyete a enkontestab. Tit pwopriyete enkontestab vle di ke pa gen ipotèk oswa privilèj yo dwe sou li nan moman vant lan. Anplis de sa, pa dwe gen sèvitid enkonpatib oswa lòt frè ipotèk ki lye a pwopriyete a ki pral rann li swa pa elijib pou yo achte oswa pa konfòm avèk restriksyon ki gen sou itilizasyon tèren espas lib yo.

Lòt egzijans yo gen ladan:

- Yo dwe jwenn yon politik asirans pou tit pwopriyete a, ki demonstre yon transfè tit pwopriyete enkontestab (san frè), pou chak pwopriyete yo apvouve ke yo pral achte.
- Yo dwe fè yon enspeksyon fizik sit chak pwopriyete k ap verifye ke pwopriyete a pa gen okenn ipotèk fizik sou li, ki gendwa mande pou yo fè etid sit la pou yo tabli limit pwopriyete a byen klè.
- Tit pwopriyete a dwe transfere atravè yon ak pwopriyete fòmalis garanti nan tout jiridiksyon ki rekonèt ak pwopriyete fòmalis garanti yo.
- Yo dwe anile tout sèvitid enkonpatib yo oswa ipotèk sa yo.
- Yo dwe pran posesyon tout sèvitid enkonpatib yo nan lè antant lan.
- Sou-benefisyè a dwe anrejistre ak pwopriyete a nan menm lè epi ansanm avèk restriksyon pwogramatik ki gen sou ak pwopriyete a yo konfòmeman ak lwa Eta a ak nan yon delè 14 jou apre yo fè antant lan.

3.3 Revizyon anviwònmantal yo

Sou-benefisyè a ap responsab pou yo fè revizyon anviwònmantal yo oswa lako revizyon sa yo fèt atravè founisè sèvis anviwònmantal yo siyen kontra avèk yo. Sou-benefisyè a pral responsab pou yo asire ke yo konplete tout revizyon yo sou tout pwopriyete yo, ki gen ladan pwopriyete ki te sibi domaj ke gouvènman lokal yo konte achte yo ansanm ak pwopriyete vandè pral jwenn atravè pwogram asistans ranplasman lojman an. Yo dwe konplete revizyon sa a avan yo atribiye yon prim pou pwopriyete yo konte achte yo ansanm ak pwopriyete yo konte atribiye yo. Nouvo pwopriyete a dwe satisfè Estanda Minimòm Depatman Sèvis Sosyal yo (DSS), jan Estanda Kalite Lojman yo (HQS) detèmine daprè direktiv HUD la yo, oswa daprè yon enspeksyon ekivalan. Yo pa dwe konplete etap sa pazavan mèt pwopriyete a fin konplete faz elijiblite a epi yo konfime ke li elijib pou asistans lan.

4.0 Tip Pwopriyete ki Elijib yo ak Egzijans yo

Tip Pwopriyete ki elijib yo se pwopriyete non-komèsyal, ki ka gen ladan estrikti mèt yo ap viv ladan, pwopriyete rezidansyèl a lwe, oswa tèren vid yo. Pou yo konsidere yon pwopriyete elijib pou pwogram reyachte a, pwopriyete a dwe satisfè omwen youn nan egzijans ki annapre yo:

- Pwopriyete a sitiye anndan yon zòn yo deziyen (Zòn ki gen Risk Inondasyon Espesyal (SFHA) oswa Zòn ki Gen Anpil Risk Inondasyon) oswa
- Pwopriyete a sitiye andeyò zòn deziyen an epi li satisfè youn nan egzijans ki annapre yo:
 - Pwopriyete a te sibi anpil domaj (51% oswa plis nan pri jis estrikti a te koute sou mache a apre evènman an te andomaje); oswa
 - Yo konsidere pwopriyete a kòm yon risk pou lasante/sekritle; oswa
 - Pwopriyete a sitiye anndan yon kanal derivasyon.

4.1 Rezidans Prensipal

Sou-benefisyè yo dwe mete nan dosye yo ak pwosedi yo pa ki pwosedi ke yo pral detèmine rezidans prensipal yo. Yo ka verifye rezidans prensipal la nan sèvi avèk yon varyete dokiman ki gen ladan, men se pa sa sèlman, kat enskripsiyon elektè yo, deklarasyon taks yo, egzanpsyon pwopriyete familyal yo, lisans chofè yo, ak kontra lokasyon yo.

Sou-benefisyè yo dwe idantifye tou nan chak dosye pwojè si pwopriyete yo akeri a se yon rezidans prensipal oswa yon dezyèm kay.

4.2 Asistans pou Dezyèm Kay yo

An akò ak FR Vol. 83, Nimewo 28, VI. 39, "pwopriyete ki te sèvi kòm dezyèm kay nan moman katastwòf la, oswa apre katastwòf la, yo pa kalifye pou asistans reyabilitasyon oswa èd pou lojman. Yon dezyèm kay defini anba avi sa a kòm yon kay ki pa rezidans prensipal pwopriyetè a, yon lokatè, oswa nenpòt moun ki rete ladann nan moman tanpèt la oswa nan moman aplikasyon pou asistans la." Jan sa klarifye nan FR Vol. 83, Nimewo 28, VI. 37. a, "lè pri acha (nan yon racha) depase FMV aktyèl la, nenpòt lajan CDBG-DR ki depase FMV la konsidere kòm asistans pou vandè a, kidonk fè vandè a yon benefisyè asistans CDBG-DR. ... bay FMV apre katastwòf pou aplikan achtè yo jis bay valè aktyèl pwopriyete a; konsa, vandè a pa konsidere kòm yon benefisyè asistans CDBG-DR."

Dapre konsèy rejis federal ki endike anwo a, FloridaCommerce ap etabli ke pwopriyete yo idantifye kòm dezyèm kay yo dwe akeri atravè VHB a nan valè mache aktyèl apre evènman an. Si pri acha a depase FMV apre evènman an, nenpòt lajan CDBG-DR ki depase valè jis sou mache a konsidere kòm asistans pou vandè a; yo entèdi asistans pou dezyèm kay. Anplis de sa, dezyèm kay la pa ka resevwa asistans nan fòm èd pou lojman an.

Sou-benefisyè yo dwe mete definisyon yon dezyèm kay nan dosye yo ak pwosedi yo. Sou-benefisyè yo dwe idantifye tou nan chak dosye pwojè si pwopriyete akeri a se yon rezidans prensipal oswa yon dezyèm kay.

Dezyèm kay yo akeri atravè VHB a dwe satisfè tout kritè kalifikasyon VHB ak objektif nasyonal yo. Kòm èd lojman pou dezyèm kay yo entèdi, dezyèm kay yo dwe satisfè Objektif Nasyonal LMI a atravè kritè Objektif Nasyonal LMA a. Selon FR Vol. 83, No. 28, VI.a(7)(b), "yo pral itilize pwopriyete yo akeri atravè racha yo yon fason ki benefisyè tout rezidan yo nan yon zòn patikilye kote omwen 51 poustan nan rezidan yo se moun ki gen revni ba- ak modere."

5.0 Elijbilité Pwojè a

Pwopriyete ki elijib pou yo reyachte yo dwe satisfè egzijans ki annapre yo:

- Yo pral achte pwopriyete a nan men yon vandè volontè, ki dispoze pou yo vann.
- Pwopriyete a gen ladan yon estrikti ki te sibi domaj oswa ki te detwi akoz Ouragan Irma a, oswapwopriyete a nan yon Zòn SFHA, oswa yon Zòn ki gen Anpil Risk Inondasyon.
- Yo dwe epi yo kapab anile tout sèvitid enkonpatib yo oswa ipotèk sa yo.
- Yo pa ka kontamine pwopriyete a avèk materyèl danjre nan moman y ap reyachte I la, eksepte travay demolisyon enprevi yo oswa dechè menaje yo.
- Pwopriyete a pa ka fè pati yon zòn yon gen entansyon fè, planifye yon pwojè, oswa yon zòn pwojè deziyen kote yo dwe achte tèren an nan yon sèten delè, ak/oswa kote gen yon entansyon pou yo itilize pwopriyete a alavni pou nenpòt itilizasyon publik oswa prive ki pa konfòm ak restriksyon ki gen sou ak pwopriyete espas lib yo ak egzijans akizisyon FEMA yo (pa egzanp, wout yo ak bèj pou kontwole inondasyon yo).
- Yo pap soudivize pwopriyete a avan yo reyachte I, eksepte pou pòsyon ki andeyò zòn danje yo idantifye a, tankou anndan yon zòn SFHA oswa anndan nenpòt zòn risk FEMA idantifye.
- Pwopriyete ki te resevwa èd reyabilitasyon oswa reparasyon atravè Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an yo pap elijib pou asistans nan kad Pwogram Reyachte Kay Volontè a.

5.1 Depans (Admisib) Elijb

Depans admisib pou pwojè pou reyachte pwopriyete yo depann de kad pwojè a. Depans ki annapre yo asosye ak pwosesis pou reyachte pwopriyete imobilye ak demolisyon estrikti ki gen risk danje yo admisib:

- Pri pwopriyete imobilye a koute sou mache a (sa vle di tèren an ak estrikti a) swa nan moman vant lan oswa apre Ouragan Irma te frape a depandaman de estati pwopriyete a nan moman Ouragan Irma te frape a.
- Frè pou depans estimasyon nesesè yo, rechèch sou tit pwopriyete a, asirans tit pwopriyete a, enspeksyon pwopriyete a, ak etid la si aplikab.
- Demolisyon ak netwayaj pwopriyete a. • Frè yo peye pou sèvis revizyon anviwònmantal yo.
- Depans demenajman ki asosye ak lokatè yo demenaje daprè Lwa sou Demenajman Inifòm lan.

Depans aktivite demolisyon nan sit yo evakye a ki annapre yo ap jeneralman admisib si nesesè:

- Netwayaj debri demolisyon yo pou yon sant anfouisman dechè yo apwouve, ki gen ladan debri ki soti nan demolisyon kay, garaj, ale prive, twotwa, ak dal an beton elve yo.
- Rediksyon amyant.
- Travay pou retire fose septik yo. Si yo pa retire planche ak mi fose yo, yo dwe kraze I oswa efondre I pou fose a pa ka kenbe dlo epi apresa yo dwe ranpli I ak sab oswa lòt kalite ranblaj pwòp.
- Retire tout fondasyon ak mi sousòl estrikti yo nan yon pwen ki omwen yon pye anba nivo finisyon sit la.
- Retire sèlman pye bwa sa yo ki limite travay demolisyon sou nenpòt estrikti.
- Finisman tout sèvis publik abandone yo nan yon pwen ki omwen de pye anba nivo finisyon sit la.
- Kouvri tout pi yo ak/oswa retire eleman ki asosye yo.
- Tèras, nivelaj, ak estabilizasyon sit pou tout demolisyon sit yo.

5.2 Depans Inelijib (Ki Pa Admisib)

Depans ki pa admisib nan kad Pwogram Reyachte Kay Volontè a gen ladan, men yo pa limite a:

- Dedomajman pou tèren ke yon antite elijib deja genyen. Se menm ka menm si antite elijib la pa sou-benefisyè pou pwojè a. Toutfwa, nan ka sa dedomajman pou devlopman dwa yo (pa egzamp yon sèvitid pou espas lib) ka yon depans admisib.
- Netwayaj oswa reparasyon pwopriyete kontamine yo, eksepte pou debri travay demolisyon yo ak dechè menaje danjre yo pèmèt yo jete yo.
- Akizisyon yon pwopriyete nan yon pouvantaj ki depase valè aktyèl apre evènman an jis sou mache a.
- Itilizasyon ankourajman lojman sou yon pwopriyete ki konsidere kòm yon dezyèm kay (sa vle di nenpòt kay ki pa rezidans prensipal pwopriyetè a, yon lokatè, oswa nenpòt moun ki rete ladann nan moman tanpèt la oswa nan moman aplikasyon pou asistans lan).

6.0 Detèminasyon Prim lan

Vil yo ak konte yo pral itilize metodoloji FMV aplikab pou detèmine pri jis pwopriyete a koute sou mache a pou vandè a baze sou estati pwopriyete a nan moman Ouragan Irma, epi yo dwe ofri dokimantasyon anndan aplikasyon ou voye bay FloridaCommerce a pou sipòte metodoloji sa a:

- Mèt pwopriyete elijib yo nan moman Ouragan Irma resevwa yon òf pou achte pwopriyete a mwens nenpòt avantaj doub yo (DOB).
- Pwopriyetè ki te achte pwopriyete elijib apre Ouragan Irma a pral resevwa yon òf pou yo achte pwopriyete a baze sou FMV apre evènman kòm baz pou yo reyachte a, sa ap sijè a limitasyon ki annapre yo ak revizyon DOB a:
 - Y ap limite prim lan a pri pwopriyetè a te peye pou pwopriyete a, ki pa dwe plis pase pri jis pwopriyete a te koute sou mache a apre evènman an.
 - Yo pral limite bank yo oswa konpayi ipotekè ke yo te sede pou pwopriyete a sou baz apre Ouragan Irma a kantite balans prè ipotekè (ranbousman) a. Se sa sèlman ke bank yo oswa konpayi prè ipotekè (yo) pral resevwa si mèt pwopriyete a te patisipe nan pwogram lan.
 - Pwopriyete ki nan pwosedi sezi imobilyè yo epi ki gen menm pwopriyetè ke yo te genyen avan Ouragan Irma te frape a pral resevwa nenpòt benefis ki rete (sa vle di apre depans lavant yo, taks, privilèj yo) apre vant pwopriyete, kote y ap baze prim lan sou FMV apre evènman an.
 - Fidisi yo, omologasyon yo, ak testaman yo pral resevwa yon òf ki baze sou pri jis sou mache a apre evènman an kòmsi pwopriyetè li te genyen apre evènman t ap patisipe epi li sijè a yon revizyon DOB. Sa se menm òf pwopriyetè a t ap resevwa si yo te patisipe nan pwogram lan.
 - Si pwopriyete a nan yon pwosè fayit, administratè fayit la dwe bay dokiman evalyasyon yo te itilize pou evalye konbyen pwopriyete a te koute nan moman fayit la. Kantite prim lan pa dwe plis pase pri jis pwopriyete a te koute sou mache a apre evènman; toutfwa, si y ap kenbe pwopriyete a nan yon fidisi avèk pwopriyetè ki rete tenan ak pwopriyete aktyèl la epi fediyikomisè a pa te achte l, yo dwe bay dokiman pou demontre ke pwopriyete a toujou transfere bay pwopriyetè a epi yo sèlman kenbe l nan yon fidisi. Si yo bay prèv sa a, pwopriyetè a pral resevwa yon prim baze sou pri jis pwopriyete a te koute sou mache a apre evènman an.

7.0 Metodoloji Kalkil Prim lan

Pwogram Rekonstwi Florid la te devlope plizyè pwogram lojman nan kad rekiperasyon aprè katastwòf ki baze sou nati ak anplè dega yo pou yo ka satisfè objektif efò rekiperasyon yo. Metodoloji Kalkil Prim sa a demontre yon metòd pou kalkile yon prim endividiyèl nan kontèks Pwogram Reyachte Kay Volontè a lè yo itilize FMV apre evènman an, epi de konsè ak lòt pwogram lojman yo, tankou HMGP ak pwogram Asistans pou Ranplasman Lojman ak pwogram Alokasyon pou Ranplasman Lojman an. Tout prim yo sijè a règleman DOB yo.

Anba la gen kat egzanp pou kalkile avantaj doub ke sou-benefisyè a ka ofri ansanm ak lòt pwogram lojman yo:

- Pwogram Sibvansyon pou Atenaysyon Danje a (HMGP): Sou-benefisyè a ka itilize fon CDBG-DRkòm fon korespondan yo mande pou pwopriyete rezidansyèl ke yo pral achte atravè pwogramHMGP jiridiksyon lokal la. Sa se yon pwogram akizisyon pwopriyete imobilye volontè FEMA finansepou achte kay inondasyon te andomaje yo nan pri FMV yo. HUD te ofri yon eleman korespondan CDBG-DR yo finanse ak 75% fon FEMA yo (avèk jiska 25% fon korespondan CDBG-DR)
- Pwogram Reyachte Pwopriyete CDBG-DR a: Sou-benefisyè yo ka finanse 100% pwosesis reyachte a ak fon CDBG-DR yo. Sa se yon pwogram akizisyon pwopriyete imobilye volontè ki bay prim ki limite a FMV tèren an ak estrikti a te koute apre evènman an.
- Asistans pou Ranplasman Lojman an: Sou-benefisyè a ka ofri ensitasyon pou aplikar kalifye ki gen revni fèv ak modere yo nan kad konsepsyon pwogram pou reyachte a. Sa se yon pwogram ki vize prezève popilasyon yon zòn, kote y ap akòde jiska \$25,000 anplis de FMV kay y ap reyachte a te koute apre evènman an pou aplikar ki gen revni kalifye yo nan kad pwogram reyachte a.
- Alokasyon pou Ranplasman Lojman an: Sou-benefisyè yo ka ofri patisipan kalifye ki pa satisfè egzijans revni fèb ak modere yo yon ensitasyon ki vo mwens. Sa se yon pwogram ki sible sila ke revni yo pa kalifye pou Asistans pou Ranplasman Lojman. Patisipan yo ka elijib pou jiska \$10,000 nan Asistans pou Ranplasman Lojman an si kay yo genyen ki te sibi domaj la satisfè sèten egzijans

Toude prim pou ranplasman lojman yo sijè a Lwa Robert T. Stafford la, ki egzije ke yo konsidere fon sa yo kòm avantaj doub. Yo ka sèlman itilize finansman sa a pou achte yon nouvo kay ki anndan menm jiridiksyon fiskal la. Anplis de sa, aplikar yo ka kalifye pou asistans adisyonèl si yo demenaje soti kite plèn inondab la ale nan yon zòn ki gen mwens risk. Sou-benefisyè a dwe mentni dokiman ki dekri fason yo te detèmine kantite asistans k ap nesesè ak rezonab.

8.0 Pwosesis Avantaj Doub la

Depans ki double kantite mèt pwopriyete oswa lokatè ki afekte yo te resevwa oswa ki disponib pou yo nan yon lòt sous finansman pou menm objektif la pa admisib. Y ap retire dediksyon an nan òf dacha si yo te detèmine òf la apati yon pri yo estime ki valab sou mache a avan Ouragan Irma te frape. Pwogram lan pral rekipere montan doub yo idantifye apre yo te depanse fon sibvansyon yo. Mèt pwopriyete ki resevwa peman doub yo apre konklyzion antant sou pwopriyete a ap responsab pou yo ranbouse sou-benefisyè a fon doub sa yo.

Finansman pwogram sibvansyon eta a vize konplemente lòt sous finansman yo epi yo dwe retire ladan yo kantite rezonab ki disponib (menm si yo pa t chèche jwenn oswa resevwa yo) nan lòt sous finansman ki la pou abòde menm objektif oswa menm pèt la. FloridaCommerce, sou-benefisyè yo, ak patisipan pwojè yo, ki gen ladan mèt pwopriyete yo ak lokatè yo, dwe pran mezi rezonab pou yo rekipere tout kantite fon sa yo. Yo dwe trete kantite fon rezonab ki disponib pou moun oswa antite yo kòm avantaj ki disponib pou menm objektif la, menm si yo pa te chèche jwenn yo.

Tout sou-benefisyè yo dwe kreye ak mete yon politik sibstitisyon anplas pou reponn a rekiperasyon fon doub yon patisipan pwogram te resevwa apre antant sou fon sibvansyon yo. Tout sou-benefisyè yo dwe antre nan yon akò sibstitisyon avèk chak patisipan pwogram lan.

Yo pap konsidere ajisteman fiskal ki soti nan deklarasyon ki gen rapò ak pwopriyete a lwe yo kòm yon DOB epi yo pap afekte atribisyon prim lan.

Pou evalyasyon pwopriyete yo baze sou FMV apre katastwòf la yo, yo pap retire DOB nan òf la. Yon pwogram ki bay aplikan k ap reyachte yo FMV apre katastwòf sèlman ap bay kantite pou pri aktyèl pwopriyete a; kidonk, yo p ap konsidere vandè a kòm yon benefisyè asistans CDBG-DR; alò aktivite sa pa fè pati Lwa Stafford la.

Pou evalyasyon pwopriyete yo baze sou FMV avan katastwòf la yo, pwosedi ki annapre yo ap ede evite fon sibvansyon yo vin avantaj doub ki disponib nan lòt sous yo:

- Li obligatwa pou mèt pwopriyete ki gen yon prè Administrasyon Ti Biznis Etazini avèk yon ipotèk sou pwopriyete ke yo pral achte a repeye prè a oswa reyajoute l sou yon nouvo prè pandan fèmti vant lan.
- Sou-benefisyè a dwe idantifye nenpòt lòt sous avantaj potansyèl mèt pwopriyete a, oswa lokatè a genyen.
- Sou-benefisyè a ap responsab pou l verifye enfòmasyon sou reparasyon oswa ranplasman estriktirèl yo, ak asistans pou lwaye oswa pou demenajman yo bay lokatè yo nan done FEMA yo ansanm ak verifye tout enfòmasyon sou garanti Pwogram Asirans Inondasyon (NFIP) an yo, ki gen ladan kantite lajan yo te peye pou yon reklamasyon ak kantite lajan ki disponib nan garanti asirans lan.
- Sou-benefisyè a dwe kowòdone ak mèt pwopriyete yo ki dwe divilge tout kantite lajan potansyèl yo genyen disponib pou yo nan kad menm objektif la, jan yo dekri anwo a, ki gen ladan asistans reparasyon oswa ranplasman yo te resevwa, tout avantaj asirans ki disponib pou yo nan kad yon politik ki egziste deja (kèlkeswa yo te soumèt yon reklamasyon ou pa), epi nenpòt rekiperasyon potansyèl ki baze sou jijman yon pwosè oswa lòt obligasyon legal yo. Mèt pwopriyete a dwe pran mezi rezonab pou yo rekipere kantite fon sa yo. Yo dwe trete kantite fon rezonab ki disponib oswa yo prevwa k ap disponib pou mèt pwopriyete a kòm avantaj ki disponib pou menm objektif la, menm si mèt pwopriyete a pa te chèche jwenn yo.
- Sou-benefisyè a dwe kowòdone ak lokatè ki dwe divilge nenpòt kantite yo te resevwa nan kad asistans pou lwaye oswa demenajman an.

9.0 Detèminasyon Asistans pou Ranplasman Lojman an

Piske pwogram sa a fè pati pwogram reyachte kay volontè a, pwopriyetè yo p ap elijib pou asistans daprè Asistans pou Demenajman Inifòm lan (URA) ak Lwa sou Politik Akizisyon Pwopriyete Imobiliye a. Toutfwa, lokatè ki te dememnaje akoz mèt pwopriyete a ap vann pwopriyete a bay sou-benefisyè a gen dwa pou yo resevwa asistans nan kad URA.

Tout mèt pwopriyete k ap patisipe nan pwogram reyachte a ap elijib pou jiska kantite asistans pou ranplasman lojman maksimòm Lwa Robert T. Stafford la pèmèt yo resevwa. Tout patisipan kalifye ki nan pwogram reyachte a yo ap elijib pou jiska \$25,000 nan kad asistans pou ranplasman lojman an plis kantite pri kay y ap reyachte a te koute sou mache a apre evènman an. Sila ki pa gen revni kalifye yo pral elijib pou jiska \$10,000 nan kad alokasyon pou ranplasman lojman an sèlman si pwopriyete yo genyen ki andomaje a sitiye anndan yon zòn yo deziyen.

Yo dwe satisfè egzijans ki annapre yo pou yo kalifye pou asistans pou ranplasman lojman:

- Kay y ap reyachte a dwe sitiye nan zòn deziyen an oswa gen yon fanmi ki gen revni fèb ak moderek ap viv ladan.
- Mèt kay la dwe achte yon kay ranplasan ki pi chè pase kay y ap reyachte a.
- Kay ranplasan dwe sitiye anndan jiridiksyon sou-benefisyè a.
- Yo dwe konsidere kay ranplasan kòm konvnab, sekirité, ak sanitè.

Si revni yo kalifye, asistans pou ranplasman lojman an pral \$25,000 omaksimòm. Toutfwa, yo dwe evalye pri kay ranplasan yo achte a, a \$25,000 plis pase kay y ap reyachte a pou yo ka resevwa prim lan okonplè. Si pri kay ranplasan mwens pase \$25,000 men li plis pase pri jis kay y ap reyachte a te koute sou mache a apre avènman an, y ap limite asistans ranplasman lojman aplikan an a diferans lan. Si aplikan an pa gen revni kalifye, kantite lajan maksimòm aplikan an ka resevwa pou lojman ranplasan ap \$10,000. Pwopriyetè tèren vid yo ak mèt pwopriyete a lwe ki te genyen yo apre evènman pa elijib pou yo resevwa asistans pou ranplasman lojman, paske yo pa t ap viv nan estrikti a nan moman katastwòf la te frape a. Anplis de sa, pwopriyetè ki vin gen pwopriyete yo apre evènman pa elijib pou yo resevwa yon prim lojman ranplasan, paske li pa te obligatwa pou yo demenaje akoz katastwòf la.

Si yo achte yon kay a lwe atravè Pwogram Reyachte Kay Volontè a epi yo pral oblige lokatè ki nan kay la yo demenaje, y ap konsidere yo kòm moun yo deplase ki elijib pou avantaj demenajman daprè Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA). Sou-benefisyè a dwe devlope ak fè respekte politik ak pwosedi URA a yo epi asire ke yo bay lokatè kalifye yo tout avi, sèvis ak peman obligatwa yo genyen daprè URA nan yon delè presi.

9.1 Règleman Lwa sou Reyenstalasyon Inifòm

Règleman FloridaCommerce URA a disponib sou sitwèb Biwo Rezilyans Alontèm nan <https://www.FloridaJobs.org/CDBG-DR>.

10.0 Restriksyon ki gen sou Espas Lib yo

Pou yon pwojè ka elijib, li dwe lakoz yo reyachte yon pwopriyete ki satisfè tout egzijans ki reji itilizasyon fon sibvansyon yo ak itilizasyon pwopriyete imobilye yo achte a, ki gen ladan:

- Pwopriyete yo achte, aksepte, oswa yo te retire estrikti ladan yo pral gen yon restriksyon pèmanan sou ak pwopriyete a k ap egzije yo mentni pwopriyete pou zafè jesyon espas lib, espas Iwazi, oswa jesyon tè marekaj sèlman.
- Sou-benefisyè a pral dedye ak mentni pwopriyete a pou itilizasyon ki konpatib ak pratik jesyon espas lib, espas Iwazi, oswa jesyon tè marekaj yo pou toutan, epi pou yo konfòm a fonksyon konsèvasyon plèn inondab natirèl yo.
- Sou-benefisyè a dwe anrejistre restriksyon ki gen sou ak pwopriyete a yo avèk modèl ak pwopriyete a.

Yo pèmèt konstriksyon nouvo estrikti yo sèlman kote:

- Yon biling piblik ki gen espas ouvè sou tout kote epi li lye fonksyonèlman a itilizasyon yon espas lib oswa espas Iwazi yo deziyen.
- Estrikti a se yon twalèt piblik.
- Estrikti a konpatib ak izaj jesyon espas lib, espas Iwazi, oswa jesyon tè marekaj yo ak pratik ak politik jesyon plèn inondab yo epi yo gen apwobasyon ekri FloridaCommerce ak FEMA avan konstriksyon estrikti a kòmanse.
- Y ap elve oswa rann rezistan a inondasyon nenpòt nouvo estrikti yo konstwi sou pwopriyete a konfòmeman ak twazyèm soupagaf anwo a nan kad Elevasyon Baz Inondasyon an (BFE) plis de pye fran-bò jan Rejis Federal 24 CFR 55.2(b)(10) la preskri a epi pou satisfè egzijans aplikab nan reglèman oswa kòd lokal pou jesyon plèn inondab Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la yo (NFIP).
- Apre antant lan, yo pap bay okenn asistans federal pou katastwòf pou okenn rezon nan okennsous federal, ni peman asirans inondasyon konsènan pwopriyete a, epi okenn moun oswa antitepa dwe chèche jwenn montan sa yo.
- Sou-benefisyè a dwe jwenn apwobasyon FloridaCommerce ak Administratè Rejjonal FEMA a avan yo transferetit pwopriyete (frè tit) nenpòt pwopriyete bay yon ajans piblik oswa òganizasyon konsèvasyon kalifye.Yo pap apwouye transfè pwopriyete yo fè bay sitwayen ak kòporasyon prive yo.
- Yo dwe transfere tout dwa devlopman sou fòm yon sèvitid konsèvasyon sou pwopriyete a bayòganizasyon konsèvasyon an oswa konsève dwa sa yo a sou-benefisyè a oswa lòt antite piblik la.
- Sou-benefisyè a dwe aksepte responsabilite pou yo siveye ak fè respekte restriksyon ki gensou ak pwopriyete a ak/oswa sèvitid la.

Anèks 1: Enfòmasyon Lwa sou Reyinstalasyon Inifòm (URA).

Gen plis enfòmasyon sou Asistans pou Reyenstalasyon Inifòm ak egzijans Lwa sou Demenajman Inifòm nan Gid pou Asistans pou Reyenstalasyon Inifòm ak Rezidans Alontèm ak Plan Asistans pou Reyenstalasyon Rezidansyal ki sou sitwèb Rebuild Florida a. <http://www.floridajobs.org/CDBG-DR>. Plan sa a gen ladan egzijans pou retansyon ak gad dosye sou-benefisyè yo.

Pwosedi Fonksyònman Estanda Racha Kay Volontè ki gen rapò ak egzijans Asistans pou Reyenstalasyon Inifòm yo jwenn nan Pwosedi Operasyon Estanda Aktivite Reyenstalasyon Inifòm Sou-benefisyè yo. Dokiman sa a gen ladann enfòmasyon sou bagay sa yo:

- Kondisyon pou Notifikasyon Reyenstalasyon,
- Kondisyon pou URA pou kenbe dosye,
- Pa apwopriye pou Detèminasyon Reyabilitasyon
- Dokimantasyon Aktivite Akizisyon pou URA